

[ cover]

# **SI PITIT OU APRANN NAN DE LANG**

Yon gid pou paran  
ki vle ede pitit yo  
benefisye  
avantaj ki genyen  
pou timoun k ap  
aprann angle kòm  
dezyèm lang

**[Inside cover]**

Se *U.S. Department of Education's Office of English Language Acquisition, Language Enhancement, and Academic Achievement for Limited English Proficient Students (OELA)* ki bay *National Clearinghouse for English Language Acquisition & Language Instruction Educational Programs (NCELA)* fon pou yo fonksyone selon Kontra Nimewo T295005001. Se *Graduate School of Education and Human Development, Center for the Study of Language and Education* nan *George Washington University* ki gen kontra sa a. Yo te prepare liv sa a selon *Task Order EDOBEM-99-00001 1, Model 9*. Opinyon, konklizyon ak rekòmandasyon ki nan liv sa a se pa nesèsèman pozisyon oubyen politik *George Washington University* oubyen *U.S. Department of Education*, pesonn moun pa dwe pran sa ki nan liv la kòm pawòl ofisyèl inivèsite a. Paske yo mansyone mak pwodui komèsyal oubyen non òganizasyon, sa pa vle di gouvènman Etazini ap apiye pwodui sa yo oubyen òganizasyon sa yo. Lektè yo kapab kopye materyèl sa yo e yo kapab sèvi avèk yo selon estanda piblikasyon tout moun rekonèt. *NCELA* mande pou moun k ap sèvi ak materyèl sa di kilès ki ekri yon tèks si yo repwodui tèks sa a.

Investigatè prensipal: Joel Gomez, Ed.D.  
Direktris: Minerva Gorena, Ed.D.

The  
George  
Washington  
University  
WASHINGTON DC

*Graduate School of Education and  
Human Development*

Out 2000

Translation provided courtesy of Miami-Dade County Public Schools, FL  
July 2002

# Si pitit ou aprann nan de lang

---

Yon gid pou paran ki vle ede pitit yo  
benefisye avantaj ki genyen pou timoun  
k ap aprann angle kòm dezyèm lang

Nancy Zelasko  
Beth Antunez



**P 2 [blank page]**

### Sa ki nan liv la

Entwodiksyon .....	5
Ki avantaj ki genyen nan aprann de lang? .....	9
Dapre rechèch ki fèt, sa yo di sou afè aprann nan de lang? .....	11
Kouman pou yon paran fè konnen si yon lekòl ap bay pitit li yon bon fòmasyon akademik? .....	13
Ki karakteristik lekòl ki mache byen pou elèv k ap aprann angle kòm dezyèm lang genyen?.....	15
Kouman lekòl yo fè konnen si yon elèv k ap aprann angle kòm dezyèm lang bezwen plis èd pou li aprann lang nan fen ? .....	19
Èske yo mande elèv k ap aprann angle kòm dezyèm lang pou yo bay menm pèfòmans akademik ak elèv ki genyen angle kòm lang matènèl yo? .....	23
Èske gen règleman federal ki kab ede paran yo kontwòle ki kalite edikasyon lekòl yo ap bay pitit yo? .....	27
Ki sa ki fè sistèm edikasyon nan peyi Etazini diferan ak sistèm edikasyon nan lòt peyi? .....	29
Ki kote mwen kapab jwenn lòt resous toujou?.....	31



**P 4**

Se dwa tout timoun o Zetazini pou yo jwenn bon kalite edikasyon.

## Entwodiksyon

Se dwa tout timoun o Zetazini pou yo jwenn bon kalite edikasyon. Byenke se devwa lekòl yo pou yo bay edikasyon sa a, se dwa paran yo epi se devwa yo pou yo konprann pwoblèm ki gen rapò ak edikasyon pitit yo.

Nan jounen jodi a, gen plis pase 10 milyon elèv nan lekòl o Zetazini k ap viv nan kay kote yo pa pale angle. Yo rele elèv sa yo “elèv minorité parapò ak lang yo pale”. Yo reprezante gwoup elèv k ap ogmante pi vit pami popilasyon elèv ki gen laj pou y al lekòl . Elèv minorité sa yo ka pale lang manman yo sèlman oubyen yo ka pale ni lang manman yo ni lang angle. Dapre *National Clearinghouse for Bilingual Education*, gen 4 milyon timoun apeprè ki pa maton ase nan angle pou yo suiv kou ki fèt ann angle sèlman. Nan anpil distri eskolè, yo sèvi ak pawòl ‘Elèv k ap aprann lang angle’ (ELL ann angle) pou yo idantifye timoun sa yo. Nan lwa federal yo, yo rele elèv sa yo ‘Elèv ki poko alèz nan angle’ (LEP ann angle).

Nou ekri ti liv sa a pou nou enfòme paran elèv ki te aprann angle kòm dezyèm lang osnon k ap aprann angle kòm dezyèm lang sou apwòch ki apwopriye pou timoun sa yo, dekwa pou paran yo ka kolabore ak lekòl yo pou pitit yo ka jwenn yon bon kalite edikasyon. Nou chwazi pwèn nou prezante nan ti liv la paske yo bay enfòmasyon sou pwoblèm ki ka gen konsekans sou edikasyon pitit ou. Nou debat koze tankou lwa, fòmalitye lekòl yo ak rechèch sou edikasyon elèv ki poko alèz nan angle. Sa nou vle se pèmèt ou konprann system eskolè a epi patisipe nan edikasyon pitit ou. Tèt ansanm ant bon lekòl ak paran ki byen enfòme ap pèmèt pitit ou a jwenn yon bon kalite edikasyon.

Liv la anjeneral epi chak seksyon nan liv la gen kòm objektif pou yo ba w enfòmasyon ki ka ede w pran desizyon ki apwopriye, desizyon ki chita sou bon jan enfòmasyon parapò ak edikasyon pitit ou. Kesyon pi ba yo rezime enfòmasyon nou pote pou wou nan ti liv sa a.

**Ki avantaj ki genyen nan aprann de lang?** Seksyon sa a esplike avantaj ekonomik, avantaj sosyal, avantaj entelektiyèl, avantaj pèsònèl moun genyen lè yo kapab li, ekri, panse nan plis pase yon lang. Enfòmasyon sa a ede w pran bon desizyon parapò ak posibilite pou pitit ou pale de lang epi parapò ak edikasyon bileng.

**Ki sa rechèch montre sou koze aprann nan 2 lang?**

Jan timoun trape yon lang ak jan yo aprann li, aprann kalkil se pa koze ki senp. Seksyon sa a montre nou sa nou ta dwe konnen sou jan timoun aprann lang matènèl yo ak lang angle. Epitou kòman jan timoun yo aprann lang sa yo gen konsekans sou lòt bagay yo va aprann.

**Kouman paran yo ka konnen si lekòl la bay timoun yo fòmasyon yo bezwen an?**

Seksyon sa a bay 6 prensip ki chita sou sa lekòl pou timoun ki poko alèz nan angle ka fè oubyen ta dwe fè pou yo ka bay timoun yo bon kalite edikasyon. Ou ka li seksyon sa a epi ou ka reflechi pou w wè si lekòl kote pitit ou ye a respekte prensip sa yo.

**Ki sa bon sistèm edikasyon pou timoun k ap aprann angle kòm dezyèm lang genyen kòm karakteristik?**

Bon lekòl kreye yon sitiyasyon kote tout timoun ka aprann, kote yo ka devlope konesans yo, kit angle se lang manman yo kit se pa lang manman yo. Seksyon sa a montre sa ki ka fè nou rekonèt lekòl ki kore elèv ki poko alèz nan angle pou yo ka fè pwogrè ak sa ki fè nou rekonèt lekòl ki kreye plas pou timoun sa yo.



**Kouman lekòl yo fè konnen si timoun yo bezwen plis èd pou yo ka vin maton nan angle?**

Menm jan distri eskolè nan peyi a sèvi ak divès pwogram pou yo ede elèv ki poko maton nan angle, se kon sa yo gen plizyè mwayen pou yo mezire nivo timoun yo nan angle ak pou yo konnen nan ki pwogram pou yo mete yo. Li enpòtan pou w konnen kouman lekòl yo evalye konpetans timoun yo nan angle pou w asire w yo mete pitit ou nan pwogram ki pi bon pou li. Nan seksyon sa a, yo esplike kouman yo idantifye timoun yo, kouman yo evalye yo ak kouman yo chwazi pwogram pou yo mete yo.

**Ki sèvis lekòl yo ofri elèv k ap aprann angle kòm dezyèm lang?**

Lekòl pitit ou a dwe gen yon pwogram pou bay timoun k ap aprann angle kòm dezyèm lang zouti yo bezwen pou yo avanse ni nan lang angle a ni nan etid yo. Seksyon sa a esplike sa chak pwogram ofri, ansanm ak rezilta y ap chèche ni pou konesans nan lang lan, ni pou fòmasyon akademik timoun yo. Seksyon sa a pèmèt ou idantifye ki pwogram lekòl ou a adopte pou li ede timoun k ap aprann angle kòm dezyèm lang epi li pèmèt ou konpare karakteristik ak objektif pwogram sa a ak karakteristik ansanm ak objektif lòt pwogram. Si distri eskolè pitit ou a ofri plis pase yon pwogram, se dwa w pou w chwazi ki pwogram ou panse k ap plis ede pitit ou a fè plis pwogrè lekòl.

**Èske yo vle pou elèv k ap aprann angle kòm dezyèm lang bay menm rezilta ak elèv ki pale angle depi nan piti?**

Yo vle pou tout elèv rive nan estanda ki wo, ni elèv ki konn pale angle fen ni elèv k ap aprann angle kòm dezyèm lang. Estanda sa yo se sa pitit ou ta dwe konnen ak sa li ta dwe kapab fè. Lekòl pitit ou a dwe genyen estanda ki pou gide sa pitit ou a ap aprann epi kòman y ap

evalye l. Nan seksyon sa a, yo esplike ki sa estanda yo ye, sa w ka fè pou w ede pitit ou jwenn rezilta estanda yo mande a. Epitou yo esplike pwoblèm ki genyen nan egzamen yo bay pou yo konnen si pitit ou rive nan nivo estanda yo mande a.

**Èske gen politik federal ki ka ede paran yo suiv kalite fòmasyon lekòl yo ap bay timoun yo?**

Seksyon sa a esplike ki sa lalwa egziye lekòl yo bay elèv ki poko maton nan angle dekwa pou yo ka resevwa bon kalite fòmasyon menm jan ak tout lòt elèv.

**Ki diferans ki genyen ant sistèm edikasyon o Zetazini ak sistèm edikasyon nan lòt peyi?**

Seksyon sa a montre gwo diferans ki genyen ant sistèm edikasyon Etazini ak sistèm edikasyon lòt peyi. Enfòmasyon sa a ap ede w konprann lekòl pitit ou a pi byen epi l ap fasilite kontak ant ou menm ak lekòl la tou.

**Ki kote m ka jwenn plis enfòmasyon?**

Seksyon sa a bay enfòmasyon ki ka ede w antre an kontak ak òganizasyon nasyonal ki la pou ede w e ki la pou ede lekòl yo bay timoun yo bon kalite fòmasyon.

## **Ki avantaj ki genyen nan aprann de lang?**

Nan tout kote sou latè, aprann plis pase yon lang se yon bagay ki nòmal, se pa yon bagay ki estwòdinè. Dapre estimasyon ki fèt, mwatye jiska de tyè nan moun ki abite sou latè pale de lang; majorite moun ap viv nan sitiasyon kote yo sèvi ak de lang oubyen plis pase de lang regilyèman.

Poutèt sa, aprann pale de lang se yon ladrès pou yo bay anpil enpòtans epi fò yo ankouraje sa. Dapre rechèch ki fèt, lè yon moun ede yon timoun devlope ladrès nan lang matènèl li, sa pa anpeche timoun nan aprann angle, okontrè sa fasilite timoun nan aprann angle. Yon timoun ki konnen plis pase yon lang, gen avantaj pèsonèl, avantaj sosyal, avantaj entelektyèl ak avantaj ekonomik epi l ap toujou genyen avantaj sa yo pou tout rès vi li. Men kèk avantaj yon moun ki pale de lang genyen:

**Entelektyèl :** Elèv bezwen devlope konesans yo san pa gen anyen ki deranje yo. Lè timoun ki poko pale angle fèk kòmanse kominike ann angle sèlman, yo oblije fonksyone nan yon nivo entelektyèl ki pi ba pase laj yo. Meyè fason pou asire reyisit nan afè lekòl ak devlopman entelektyèl se pou paran ak pitit sèvi ak lang yo konnen pi byen an lè y ap kominike.

Met sou sa, dapre rechèch ki fèt, yo dekouvri lè yon moun konn pale plis pase yon lang, sa ogmante kapasite li pou li reflechi. Timoun ki pale de lang pi fleksib nan jan yo panse epi yo sèvi ak avantaj sa a pou yo chèche konprann sèten konsèp nan matematik epi pou yo jwenn solisyon sèten pwoblèm matematik.

**Edikasyonèl :** Elèv ki aprann angle epi ki kontinye ap devlope ladrès yo nan lang manman yo travay pi byen lekòl, epi yo aprann angle pi byen pase elèv ki sakrifye lang manman yo pou yo aprann angle.

**Pèsonèl:** Premye lang yon timoun enpòtan anpil pou idantite li. Lè timoun nan kontinye ap devlope ladrès li nan premye lang li, sa ede li bay kilti li ak eritaj li valè, epi sa ede l wè tèt li yon fason ki pozitif.

**Sosyal:** Lè yon moun kontinye pale lang li, sa ede li kenbe kontak ak fanmi li ak kominote li epi sa ede li amelyore kontak sa yo. Lè w ankouraje pitit ou sèvi ak lang natifnatal li, ou prepare timoun nan pou l kapab kominike ak lòt moun nan fanmi li epi ak rèz kominote ki pale lang sa a, o Zetazini ak toupatou nan lemond.

**Ekonomik:** Demann pou anplwaye ki pale de lang ap ogmante toupatou nan lemond. Nan afè chèchè travay, kapasite yon moun genyen pou l pale, pou l li, epi pou l ekri nan de lang oubyen nan plis pase de lang se yon gwo avantaj.

## Sondaj

### Dapre rechèch ki fèt, sa yo di sou zafè aprann nan de lang ?

Pale yon lang ak ekri yon lang se fason moun sèvi pou yo transfere konesans, lakay yo, nan lekòl ak nan sosyete a. Se sa ki fè lang moun pale se yon pati ki enpòtan anpil nan zafè aprann lekòl. Dapre rechèch ki fèt, men kèk rezilta yo jwenn sou relasyon ki egziste ant lang ak zafè aprann.

**Gen plizyè nivo nan zafè lang, gen yon nivo pou konvèsasyon, ak yon nivo pou lekòl.** Nivo konvèsasyon ann angle = pale lang nan ase pou fè yon ti konvèsasyon ak zanmi, nan lakou kote yo jwe ak vwazen oubyen ak moun k ap travay sou kès nan makèt. Anpil fwa yo rele sa «angle pou degaje w.» Nan gade televizyon pou 2 zan oubyen 3 zan, nan koute gran frè yo ak gran sè yo, oubyen nan jwe ak zanmi sou katye a, yon elèv kapab rive nan nivo sa a.

Angle lekòl = se ladrès yon moun bezwen pou l konprann langaj yo sèvi nan lekòl ak koze nan liv, ak kapasite yon moun genyen pou l sèvi ak lang pou l defini kèk tèm ak kèk konsèp. Angle lekòl se yon angle ki pi konplèks epi ki pi abstrè pase angle pou konvèsasyon epi sa pran tan pou yon moun vin maton ladan. Nan kalite angle sa a, pa gen anpil endis oubyen pa gen okenn endis ki pèmèt ou fè mesaj la pase tankou sèvi ak foto, sa yon moun fè ak figi li, jès yon moun fè, ton vwa yon moun, oubyen sa li fè ak kò li. Jan pwofesè pale ak sa ki ekri nan liv vin yon ti jan pi difisil nan chak klas ki pi wo, se sa ki fè lekòl vin pi difisil pou elèv ki poko alèz nan angle.

Dapre rechèch ki fèt, yo montre sa pran 5 a 7 an pou yon moun aprann angle lekòl la. Se domaj, yo voye anpil elèv al nan klas angle twò bonè sou baz jan yo pale angle sèlman. Yon elèv ki poko rive nan nivo angle yo sèvi nan lekòl ap gen anpil difikilte pou l fè konpetisyon ak lòt elèv nan klas kote se ak angle sèlman yo sèvi.

**Elèv yo pa ka aprann si yo pa konprann lang y ap sèvi pou yo anseye yo a.**

Lang elèv yo ap koute a, fòk se yon lang yo konprann. Si yon elèv pa konprann sa yon pwofesè ap di, li pa p ka konprann matyè tankou matematik, syans, oubyen syans sosyal. Se kon sa tou, yon elèv pap aprann angle paske li nan yon klas kote pwofesè a se angle sèlman li pale. Fòk yo sèvi ak lang matènèl elèv la ansanm ak kèk teknik ansèyman pou yo bay elèv la enfòmasyon de baz epi pou yo kore konsèp y ap anseye l nan nouvo lang nan.

**Ladrès ak konsèp yon moun aprann nan lang pa li, li kapab transfere ladrès ak konsèp sa yo nan dezyèm lang nan.**

Depi yon timoun aprann li nan yon lang, li ka transfere ladrès li genyen pou l konprann sa ki ekri sou yon paj nan yon lòt lang. Meyè sitiasyon an se lè yon elèv aprann li nan yon lang li deja konprann paske lè sa a elèv la ap gen pou l konsantre sou yon sèl bagay (aprann li) olye pou l konsantre sou de bagay (aprann li epi aprann yon nouvo lang). Elèv yo pa bezwen aprann li yon dezyèm fwa lè yo gen pou yo li ann angle. Kon sa tou, yon moun kapab transfere konsèp l aprann nan yon lang nan yon lòt lang. Se yon fwa sèlman pou yon timoun aprann  $2 \times 3 = 6$  ; lè timoun nan ap transfere konesans sa a nan yon lòt lang, se vokabilè nouvo lang nan sèlman l ap bezwen aprann.

## **Bezwen akademik**

### **Kouman pou yon paran fè konnen si yon lekòl ap bay pitit li yon bon fòmasyon akademik?**

George Washington University Center for Equity and Excellence in Education fèk devlope sis prensip sa yo pou ede tout lekòl prepare bon jan pwogram edikasyon pou timoun k ap aprann oubyen ki te aprann angle kòm dezyèm lang. Yo te devlope prensip sa yo ak kòb Depatman Edikasyon Nasyonal o Zetatizini te bay. Ou kapab sèvi ak prensip sa yo pou w evalye kalite fòmasyon akademik yon lekòl ap bay pitit ou.

1. Lekòl la kenbe menm estanda pou tout elèv. Estanda sa a se yon estanda ki nan yon nivo ki wo.
2. Lekòl la ankouraje pitit ou pou l devlope ladrès nan jan li pale, jan l koute, jan li li ak jan li ekri angle. Lekòl la ankouraje pitit ou pou li vin maton ann angle menm jan ak yon ti ameriken e li ankouraje l pou li kenbe lang manman li.
3. Lekòl la ofri pitit ou a menm kou avanse li abitye ofri lòt elèv yo.
4. Lekòl la ofri pitit ou enstriksyon ki makonnen ak esperyans li te fè lekòl ak kapasite li pou li reflechi, ak kapasite li pou li li ak ekri lang pa li epi ak konesans li nan angle.
5. Lekòl la sèvi a egzamen ki baze sou estanda pou tout elèv epi ki pran afè lang pitit ou a ak kilti li an konsiderasyon.

## **Bezwen akademik**

6. Siksè akademik pitit ou a se responsabilite paran, elèv la, anplwaye lekòl la ak kominote a.

Prensip sa yo kapab ede w reflechi sou sa k ap pase nan lekòl pitit ou a ak sou pwogram akademik yo ofri. Ou ka sèvi ak prensip sa yo tou pou w fè kèk rekòmandasyon bay otorite lekòl yo sou kouman yo ka amelyore kalite sèvis yo bay pitit ou a nan lekòl kote li ye a.



## **Karakteristik**

### **Ki karakteristik lekòl ki mache byen pou elèv k ap aprann angle kòm dezyèm lang genyen?**

Dapre rechèch ki fèt, yo idantifye plizyè karakteristik ki enpòtan nan jan pou lekòl kreye yon anvivonman kote tout elèv ka aprann byen epi yo ka jwenn anpil siksè nan travay yo, ata elèv k ap aprann angle kòm dezyèm lang yo. Elèv k ap aprann angle kòm dezyèm lang yo, tankou elèv angle se premye lang yo, gen anpil siksè nan afè lekòl yo lè gen moun k ap ede yo ak lè yo ba yo chans pou yo patisipe, epi lè yo kapab patisipe toutbon nan tout aktivite lekòl la òganize.

### **Lekòl ki mache byen gen anpil apresyasyon pou lang ak kilti elèv li yo.**

Anplwaye ki travay nan lekòl ki mache byen fè tout moun konnen lang ak kilti elèv se bagay moun dwe respekte e se bagay moun dwe bay anpil valè. Anplwaye sa yo aprann sa elèv yo abitye fè nan peyi yo ak aktivite yo mennen nan kominote kote yo viv o Zetazini, yo aprann lang elèv yo, yo anouraje elèv yo aprann lang peyi yo, yo fè kou sou tout kalite sijè nan lang matènèl etidyan yo, epi yo pran pa nan kilti elèv yo. Lè anplwaye yon lekòl fè aktivite sa yo, sa fè elèv yo reyalize yo gen anpil enpòtans epi yo respekte yo.

### **Lekòl ki mache byen ankouraje fanmi pou yo patisipe nan edikasyon pitit yo.**

Patisipasyon paran se yon bagay yo rekonèt kòm yon pati ki enpòtan nan afè lekòl tout timoun. Anpil fwa, yo pa mete paran timoun ki pa pale angle byen nan aktivite lekòl la pou plizyè rezon. Lekòl ki travay byen ak timoun ki poko pale angle byen pran sa an konsiderasyon pou yo rezoud pwoblèm patisipasyon paran timoun sa yo epi yo fè tout posib yo pou yo ankouraje paran yo pou yo patisipe nan afè lekòl pitit yo.

### **Lekòl ki mache byen atann yo pou tout elèv bay bon ranman, elèv ki pa pale angle byen yo ladan tou.**

Sa fè lontan depi yo rekonèt kouman sa enpòtan lè yo fè elèv konnen yo konte sou yo pou yo travay byen lekòl. Malgre sa, yo bay elèv ki poko fin maton nan angle

enpresyon yo atann mwens nan men yo pase elèv ki nan pwogram “regilye” yo.

Nan lekòl ki mache byen yo, yo vle pou elèv ki poko fin maton nan angle aprann, epi yo pran kèk mezi pou yo ankouraje yo travay epi pou yo ede yo. Lekòl sa yo anplwaye moun ki ka sèvi kòm modèl, yo ankouraje patisipasyon paran yo epi yo fè elèv ki travay byen konpliman.

**Lekòl ki mache byen ankouraje elèv fè aktivite pou yo devlope lang matènèl yo ni nan lekòl la ni andeyò klas yo.**

Lekòl ki mache byen montre ki jan yo bay lang matènèl elèv yo anpil valè. Lekòl yo ka fè klas pou ede elèv yo vin pi maton nan lang manman yo, tankou klas panyòl pou elèv ki pale panyòl. Asistan pwofesè lekòl yo ka ede etidyan yo tou. Lòt elèv ka ba yo leson. Elèv yo ka sèvi ak resous ki nan kominote a pou yo ka vin pi maton nan lang manman yo. Anplwaye ki nan lekòl ki mache yo toujou chèche jwenn kèk mwayen pou yo ede elèv yo sèvi ak lang yo epi pou yo devlope konesans yo nan lang yo.

**Lekòl ki mache byen kreye sèvis ak lòt aktivite pou elèv ki pa fin pale angle twò byen.**

Anpil nan elèv ki pa fin alèz nan angle yo bezwen èd pou yo devlope kapasite lengwistik ak kapasite akademik yo, yo bezwen èd pou yo konprann ki kalite ranman lekòl la atann pou yo bay, epi yo bezwen sipò pou yo santi lekòl la se lekòl pa yo epi kominote a se kominote yo. Lekòl ki mache byen kreye pwogram pou yo ankouraje devlopman akademik, devlopman sosyal ak ajisteman elèv ki poko alèz nan angle. Pami pwogram sa yo, gen pwogram pou elèv ede lòt elèv, gen pwogram pou ede elèv yo konprann plizyè kilti, epi gen pwogram pou ede elèv yo prepare yo pou yo antre nan inivèsite. Pami aktivite yo òganize pou elèv ki poko alèz nan angle, gen aktivite tankou gwoup kiltirèl kote moun ki ladan yo jwenn enfòmasyon sou teyat oubyen seremoni ki gen rapò ak diferan kilti. Elèv yo kapab bay pèfòmans ki anrapò ak teyat oubyen ak seremoni sa yo. Yo kapab travay ansanm pou yo pibliye yon jounal bileng.

**Lekòl ki mache byen sèvi ak materyèl ak kourikoulòm ki fèt nan nivo devlopman elèv yo.**

Elèv yo pa ka aprann si yo pa konprann lang y ap sèvi pou yo anseye yo a. Li enpòtan anpil pou lekòl la bay elèv yo liv, materyèl lekti, aktivite pou yo fè ak devwa ki nan nivo lengwistik ak nivo akademik yo. Lekòl ki mache byen genyen materyèl sa yo oubyen yo adapte materyèl yo pou fè kèk aktivite ki merite fèt ak elèv ki poko alèz nan angle.

## **Èd anplis**

**Kouman lekòl yo fè konnen si yon elèv k ap aprann angle kòm dezyèm lang bezwen plis èd pou li aprann lang nan fen ?**

Gen 2 desizyon de baz pou tout distrik pran : 1) kouman pou yo idantifye ki elèv pou yo teste, epi 2) kouman pou yo evalye nivo langaj elèv sa yo pou yo wè si yo poko alèz nan angle. Metòd yo sèvi pou yo idantifye elèv yo epi pou yo teste yo pèmèt lekòl la konnen nan ki pwogram pou li mete elèv yo. Metòd sa yo ka varye anpil sot nan yon lekòl al nan yon lòt oubyen sot nan yon eta al nan yon lòt. Paran yo kapab e yo ta dwe ede lekòl yo pran desizyon sa yo.

### **Idantifikasyon**

Gen kèk distrik ki teste nivo langaj tout nouvo elèv otomatikman epi gen lòt distrik ki mete elèv yo nan yon klas epi yo ret tann pwofesè a oubyen yon lòt moun idantifye elèv la kòm yon timoun ki poko alèz nan angle. Gen anpil distrik ki fè yon sondaj sou lang yo pale lakay elèv la lè li enskri nan yon lekòl.

**Dabitid yo konn mande kesyon sa yo nan sondaj sou lang yo pale lakay elèv la :**

- Ki lang pitit ou a te pale lè l te kòmanse ap aprann pale?
- Dabitid, ki lang pitit ou a pale nan kay la?
- Ak ki lang ou sèvi lè w ap pale ak pitit ou?
- Ki lang granmoun yo pale nan kay la pi souvan?

Nan tout kesyon sa yo, depi yon paran reponn yon lòt lang ki pa angle, yo bay elèv la yon egzamen angle pou yo wè nan ki pwen li ye nan angle. Yo ka bay timoun nan egzamen sa a aloral oubyen alekri, sa depan ki laj li genyen.

## Evalyasyon

Men ki kote twaka nan distrik yo jwenn enfòmasyon sou lang timoun pale ak nivo akademik yo :

- nan men paran, souvan nan sondaj yo fè sou lang timoun nan pale lakay li lè l ap enskri nan lekòl la ;
- nan men pwofesè yo ;
- nan dosye yo genyen ki soti nan lòt lekòl ;
- nan evalyasyon sou nivo akademik elèv la ; epi
- nan egzamen elèv la pran pou yo gade nan ki degre li rive nan lang l ap aprann nan.

Gen plizyè egzamen yo itilize pou yo chèche konnen nan ki nivo yon elèv ki poko alèz nan angle ye nan lang sa a. Pou egzamen sa yo ka bay bon rezilta, fò yo evalye *tout* fason yon elèv kapab sèvi ak lang angle a, jan li konprann lang nan, jan li li, jan l pale, ak jan li ekri. Se pa sou jan yon timoun *pale* angle sèlman pou nou evalye li. Epi tou se pa sou yon sèl kalite egzamen pou nou konte pou nou evalye yon timoun.

### Mwen sa ou dwe fè

Lekòl la dwe ba w rezilta nenpòt egzamen yo ta bay pitit ou a epi fò yo fè w konnen nan ki pwogram y ap mete pitit ou a. Si w panse yo ta dwe mete pitit ou a nan yon pwogram ki diferan de sa yo mete l la, se dwa ou pou w mande pou yo transfere li epi pou w fè yon chita pale ak yon konseye pedagogik sou ki kalite pwogram ki ta pi bon pou li. Chak kote nan peyi a gen règleman pa yo, men anpil eta bay paran chwa pou yo refize pwogram lekòl la oubyen sèvis lekòl la. Lè sa a, yo kapab mete elèv la nan yon lòt kalite pwogram. Sa k enpòtan se pou yo mete pitit ou nan yon pwogram k ap pèmèt li aprann sa li dwe aprann pou l anrichi konnesans li epi k ap pèmèt li ap aprann angle. Nan pwogram sa a, yo dwe suiv pwogrè timoun nan ap fè tanzantan.

## **Ki sèvis lekòl yo ofri elèv k ap etidye angle kòm dezyèm lang?**

Distrik eskolè toupatou nan peyi a adopte plizyè apwòch oswa pwogram pou yo anseye elèv ki poko alèz nan angle. Chwa yo depann de faktè tankou:

- règleman ak prensip pou moun suiv nan chak eta;
- sa kominote a swete ki pou fèt;
- kantite elèv ki pale menm lang nan;
- kantite pwofesè ki kalifye ki disponib pou anseye nan lang elèv yo pale a; ak
- disponibilite materyèl ki apwopriye pou sa.

Kòm sa pran tan pou aprann angle akademik, pi bon pwogram ki kab fè elèv yo vin gen angle a toutbon, se pwogram ki pèmèt yo kontinye devlope konesans akademik yo, etan y ap aprann angle. Pwogram sa yo chita sou konpetans ak konesans timoun yo pote ak yo nan lekòl la, epitou yo pa neglije bezwen lengwistik ak bezwen kiltirèl elèv yo. Rezilta: timoun yo pa fè bak nan sa yo te deja konnen etan y ap aprann angle.

Men sa ki ka fè yo remake yon bon pwogram pou elèv ki poko alèz nan angle:

1) Yo sèvi ak lang manman elèv la nan klas la; 2) lang yo sèvi pou anseye matyè yo; 3) ansèyman lang manman elèv la; ak 4) ki rezilta pwogram lan ap chèche. Nou dwe sonje chak apwòch dwe apwopriye pou bezwen popilasyon elèv ki poko alèz nan angle, nan distri kote lekòl la ye a. Kon sa, pa gen okenn pwogram ki pi bon nèt ale nan tout sitiyasyon. Gen yon tablo pi ba a ki bay lis pwogram yo dapre non yo epi li tou montre ki sa ki pèmèt nou rekonèt tèt oubyen tèt pwogram.

Si nou konnen ni sa ki pèmèt nou rekonèt yon bon lekòl pou elèv ki poko alèz nan angle ni sa ki pèmèt nou distenge chak pwogram, sa ap ede nou chwazi pi bon pwogram pou edikasyon pitit nou. Ou kapab mande lekòl kote pitit ou a ye a ki pwogram li ofri. Si distrik a ofri plis pase yon sèl kalite pwogram, lekòl la sipoze ba ou enfòmasyon sou chak pwogram sa yo. Desizyon final la, se nan men w li ye.

### Karakteristik pwogram ki fèt pou elèv k ap aprann Angle

Lang yo sèvi pou fè kou yo	Non Pwogram yo	Lang timoun ki poko pale angle yo pale	Lang yo fè kou yo	Lang yo fè kou Lekti ak ekriti	Sa pwogram nan ta renmen timoun yo akonpli
Angle ak Lang matènèl la	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Edikasyon bileng</li> <li>• Mete elèv yo nan pwogram bileng nan nèt oubyen</li> <li>• Antre yo nan yon pwogram total nan tou de lang yo</li> </ul>	Meyè fason 50% elèv ki pale Angle ak 50% Elèv ki kab aprann angle men ki pale menm lang	Angle ak lang matènèl la	Angle ak lang matènèl la	Edikasyon bileng
	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Wete yo nan pwogram nan ta oubyen</li> <li>• Edikasyon bileng devlopmanal</li> </ul>	Tout elèv yo pale menm lang matènèl	Tou de lang yo; o kòmansman, epi sèvi ak lang matènèl la plis. Plis elèv yo ap konprann angle plis yo sèvi ak lang nan	Angle ak lang matènèl la	Edikasyon bileng
	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Wete yo bonè oubyen</li> <li>• Pwogram bileng an tranzisyon</li> </ul>	Tout elèv yo pale menm lang matènèl	Tou de lang yo o kòmansman, epi sèvi ak tou de lang yo anpil oubyen sèvi ak Angle plis	Angle; bay elèv yo kèk ladrès nan lang yo pou ede yo aprann travèsè nan Angle a	Aprann Angle – transfere rapid al nan klas ki fèt ann Angle sèlman
Angle	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Ba yo yon ti Angle tou piti,</li> <li>• Fè yon plan pou montre yo Angle oubyen</li> <li>• Montre yo matyè de baz yo ann Angle</li> </ul>	Elèv yo ka pale menm lang oubyen yo pa oblije pale menm lang	Yo sèvi ak vale Angle elèv yo konprann epi sèvi ak jès ak lòt bagay elèv yo ka gade pou ede yo konprann	Angle	Aprann Angle
	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Wete yo nan klas yo pou montre yo Angle apa</li> </ul>	Elèv yo ka pale menm lang oubyen yo pa oblije pale menm lang; yo ka mete elèv yo an gwoup kote yo pa oblije gen menm laj epi yo pa nan menm klas	Yo sèvi ak vale Angle elèv yo konprann epi sèvi ak jès ak lòt bagay elèv yo ka gade pou ede yo konprann	Angle; elèv yo kite klas kote yo anseye yo ann Angle sèlman pou y al pran kou espesyal pou elèv ki poko pale Angle	Aprann Angle

**P 22**

**[ blank page]**

## **Èske yo mande elèv k ap aprann angle kòm dezyèm lang pou yo bay menm pèfòmans akademik ak elèv ki genyen angle kòm lang matènèl yo?**

Tout elèv, ni sa ki konn angle fen ni sa k ap aprann angle kòm dezyèm lang, gen pou yo rive nan menm nivo estanda yo mande a. Mo “estanda” a vle di sa elèv la dwe konnen ak sa l dwe kapab fè, pou chak klas, nan tout matyè (matematik, syans, angle, syans sosyal, domèn atistik ak dezyèm lang). Se distri eskolè lokal yo ak eta yo ki etabli estanda yo. Kit se eta a ki mande sa, kit se distri a oswa lekòl la, estanda yo se yon gid ki bay sa timoun nan dwe aprann pandan tout ane a. Men kèk bagay enpòtan nou dwe konnen sou estanda yo:

- Se dwa ou pou yo ba w enfòmasyon konplè sou estanda pitit ou a dwe metrize yo ak sou fason timoun nan pral montre li rive metrize konesans ak ladrès yo mande yo.
- Estanda vle di ou kapab asire w lekòl la ap travay nan enterè pitit ou. Kon sa, pwofesè yo konnen ki sa yo dwe anseye e paran yo ak elèv yo konnen ki sa yo dwe aprann.
- Pou chak klas, gen yon seri estanda tout timoun ki nan nivo sa a dwe metrize. Pwofesè a responsab pou l fè pitit ou a gen ladrès ki montre li konnen ki sa estanda yo ye.

Pwofesè a dwe pale sou estanda yo lè gen konferans paran-pwofesè ak lòt kalite rankont. Si pwofesè a pa di anyen



sou estanda yo oswa si l li pa di ou anyen sou sa pitit ou a dwe montre li konnen, mande l yon lis estanda timoun nan sipoze metrize pandan ane eskolè la. Lè ou konprann ki sa estanda yo ye, ou ka ede pitit ou bay bon rannman lekòl. Ou kab sipèvize tout devwa pitit ou a ak travay li fè nan klas pou kab wè si l metrize estanda yo, e ou kab fè pratik avè l sou ladrès li dwe metrize yo. Pa egzanp, pou estanda sa a "Elèv la rekonèt tout lèt alfabè a e li kab ekri yo", ou kab ede pitit ou metrize estanda sa a nan plizyè fason: chante chan alfabè a ansanm avèk li, montre li ki lèt ki nan yon ansèy, nan yon non, oswa nan sa ki ekri nan yon boutik. Ede timoun nan ekri lèt yo, ede li rekonèt lèt yo.

### **Evalyasyon**

Y ap fè evalyasyon pou pitit ou a, pandan tout ane a, pou yo wè si li rive nan nivo estanda yo mande a. Lekòl la ka itilize egzamen, lòt metòd evalyasyon, pòtfolyo, pou li wè si elèv yo metrize estanda yo. Ou menm paran, menm jan ou dwe konnen ki sa estanda yo ye, se menm jan tou ou dwe konnen ki kalite zouti yo itilize pou yo evalye pitit ou. Ou kab chita ak pwofesè lekòl la pou ou chèche konnen ki jan y ap evalye ladrès ak konesans ki baze sou estanda yo. Ou dwe kontwole travay pwofesè a fin korije epi li remèt pitit ou pou li pote lakay li.

**Amanda has five daisies and each flower has six petals. How many petals are there in all?**

Èske pwoblèm matematik pou klas dezyèm ane sa a ap reyèlman evalye si elèv la metrize miltiplikasyon? Pou yon elèv ki pa konn mo angle "petals" ak "daisies" e ki pa menm konnen si "daisy" se yon "flè", kesyon sa a mezire kapasite elèv la pou l li angle e pou l konprann angle.

Anpil eta mande pou elèv yo pase yon egzamen pou yo gen yon diplòm lekòl segondè oswa pou yo ka pase sot nan yon klas al nan yon lòt. Anpil fwa, yo konsidere tès sa yo tankou “yon etap kritik” paske toujou gen gwo sanksyon lè moun pa pase yo. Selon eta a, egzijans yo ak konsekans yo diferan, men anpil fwa elèv yo pa kapab gen diplòm fen etid klasik yo oswa yo blije refè yon klas si yo pa fè nòt lekòl la mande pou moun fè pou yo pase. Gen kèk eta ki bay elèv ki poko alèz nan angle oswa ki pa t nan lekòl ameriken pandan yon valè ane chans swa pou yo pa bezwen fè egzamen sa yo, swa pou yo ranvwaye yo. Gen lòt eta ki bay elèv la lòt posibilite tankou: kite l sèvi ak yon diksyonè bileng, oswa fè pwofesè yo li kesyon yo pou li, oswa bay elèv ki poko alèz nan angle yo tan anplis. Lekòl kote pitit ou a ye a ta dwe mete ou okouran ni sa ki nan egzamen sa yo ni konsekans egzamen yo genyen, ansanm ak tout avantaj yo ka bay pitit ou a lè l ap pran egzamen sa yo.

Tout elèv nan peyi Etazini, menm sa ki poko alèz nan angle yo, dwe metrize estanda ki wo. Men tou, se yon bagay ki difisil pou rive mezire konesans ak ladrès yon elèv ki poko alèz nan angle, si egzamen yo ba li a se ann angle li ye. Tout edikatè, kit se onivo federal, kit se onivo yon eta oubyen onivo lokal konprann pwoblèm sa a e y ap chèche wè si yo ka prepare yon seri egzamen ak lòt enstriman evalyasyon ki rive mezire konesans elèv la nan yon fason ki jis, espesyalman lè nou konsidere elèv sa yo se elèv k ap aprann angle.

**P 26**

**Blank Page**

## **Èske gen règleman federal ki kab ede paran yo kontwole ki kalite edikasyon lekòl yo ap bay pitit yo?**

Nan peyi Etazini, tout timoun gen dwa pou y al lekòl epi pou yo resevwa yon bon kalite edikasyon. Se responsabilite lekòl yo pou yo bay tout elèv menm chans pou yo resevwa bon kalite edikasyon sa a. Elèv k ap aprann angle kòm dezyèm lang yo gen menm dwa sa a tou. Gouvènman federal la pa bay pèsonn dwa sèvi ak okenn apwòch an patikilye pou timoun ki poko alèz nan angle. Men, gen divès lwa sivil ak desizyon tribinal ki mande pou lekòl yo etabli kèk pwogram pou ede timoun ki poko alèz nan angle yo fè bon pwogrè akademik, etan y ap vin maton nan lang angle a.

Nan lane 1970, biwo federal pou dwa sitwayen mete yon memorandòm deyò ki an rapò ak responsabilite distrik eskolè yo, dapre lwa sivil, pou yo bay elèv ki poko alèz nan angle opòtinite pou yo jwenn menm kalite edikasyon ak tout lòt elèv. Men sa ki nan memorandòm nan:

Si nan yon distrik, timoun ki fèt nan peyi a, men ki fòme yon gwoup minorite ki pa kapab ni pale angle ni konprann li, pa ta jwenn mwayen patisipe kòm sadwa nan pwogram edikasyon yon lekòl genyen, se pou distrik a vini ak bon jan mwayen pou li korije pwoblèm lang sa a yon fason pou pòt enstriksyon ka ouvè pou timoun sa yo.

An 1974, Kou Siprèm te pran yon desizyon nan pwose *Lau v. Nichols*, yon pwose ki te fèt anfavè yon gwoup elèv. Yo te fè pwose sa a onon 1,700 elèv chinwa nan lekòl San Francisco yo. Sa ki te alabaz pwose sa a, se te yon plent ki di elèv yo pa t fouti konprann lang yo te sèvi pou yo anseye yo a; sa te fè yo pa t resevwa menm kalite edikasyon ak tout lòt elèv. Kou Siprèm nan peyi Etazini te dakò ak sa. Men sa tribinal la te di:

Pa gen okenn tretman egal pou tout elèv si yo annik bay tout moun menm tèks, menm liv, menm pwofesè,

ak menm pwogram pou ane a; paske elèv ki pa konprann angle pa kapab resevwa yon edikasyon serye nan kondisyon sa yo.

Ka sa a te montre nan peyi Etazini, tout elèv, kèlkeswa lang yo pale a, gen menm dwa pou yo resevwa menm kalite edikasyon. Lè tribinal yo pale de bay tout moun menm kalite edikasyon, sa pa vle di tout elèv bezwen menm fòmasyon. Sa vle di tout elèv dwe gen menm opòtinite pou resevwa fòmasyon sa a. Elèv yo ka resevwa yon edikasyon sèlman si yo konprann lang yo sèvi pou y anseye yo a. Biwo Dwa Sivil Depatman Edikasyon Etazini rekòmande plizyè fason distrik eskolè yo kapab asire yo tout elèv jwenn yon bon edikasyon ki nan menm nivo pou tout elèv.

1. Distrik eskolè yo dwe konnen ki kantite elèv ki poko alèz nan angle ki genyen nan lekòl ki sou kontwòl yo. Distri eskolè ki kontwole lekòl kote pitit ou ale a dwe gen yon sistèm pou li detèmine ki elèv ki poko alèz nan angle. Yon fwa yo konnen kantite sa a ansanm ak ki kantite lang elèv yo pale, distrik a dwe deside ki pwogram y ap met kanpe.
2. Distrik eskolè yo dwe asire yo tout timoun ki poko alèz nan angle ap aprann li angle, ekri angle, pale angle epi konprann angle.
3. Si elèv yo pa fin maton nan pale angle, ekri angle, li angle oswa konprann angle, ba yo egzamen ann angle pap montre vrèman sa yo konnen ak sa yo te aprann. Anplis, distri yo dwe sèten yo pa voye elèv ki poko alèz nan angle nan klas pou timoun ki gen andikap mantal, sèlman paske elèv sa yo poko fò nan angle. Pou distrik a ka anpeche bagay kon sa rive, li dwe evalye timoun yo nan lang matènèl yo, pou l ka wè si wi ou non timoun yo gen andikap.
4. Distrik eskolè yo gen obligasyon pou yo enfòme tout paran sou aktivite y ap fè lekòl la. Pou paran ki poko alèz nan angle yo kapab patisipe nan aktivite sa yo, se pou lekòl la voye anons pou yo nan yon lang yo konprann.

## **Ki sa ki fè sistèm edikasyon nan peyi Etazini diferan de sistèm edikasyon nan lòt peyi?**

Nan anpil peyi, se gouvènman santral la ki mete sistèm edikasyon kanpe epi se li ki deside ki politik ak ki kourikoulòm y ap aplike. Men nan peyi Etazini, se chak eta ki mete ak kominote lokal yo pou yo tabli prensip epi pou yo mete prensip sa yo ann aplikasyon pou yo kapab edike pwòp popilasyon pa yo. Ki enpòtans sa genyen pou paran ki nan peyi Etazini? Sa fè paran yo gen yon wòl ki pi enpòtan nan chwazi ki kalite edikasyon lekòl yo dwe bay pitit yo. Sa vle di tou paran yo gen patisipasyon pa yo nan edikasyon pitit yo. Nan nivo kominote a menm, gen yon konsèy direksyon pou lekòl yo kote se sitwayen kominote a ki vote manm konsèy la, oswa se gouvènman lokal vil la ki nonmen yo. Konsèy direksyon an chwazi kourikoulòm ak liv pou yo sèvi, alòske biwo distri a reskonsab pou anplwaye pwofesè ak lòt pèsònèl. Kounye a menm, chak distrik eskolè sou kontwòl depatman edikasyon eta a.

Wòl gouvènman federal la nan edikasyon se bay mwayen ak direksyon, se pa bay pwogram ak politik pou lekòl yo suiv. Èd gouvènman federal la bay pou chak lekòl se sèlman 7 pou san nan valè lajan lekòl la bezwen pou li fonksyone. Tout rès lajan pou fonksyonman lekòl yo ak lòt desizyon yo, se nan nivo eta a ak/oswa nivo kominote a yo soti. Sa vle di chak moun enfliyanse sistèm edikasyon nan kominote pa li. Kon sa, kesyon ou genyen ak lide ki nan tèt ou, se distrik eskolè a oubyen lekòl ki nan distrik a ki dwe regle yo paske se nan nivo lokal yo pran desizyon ki gen rapò ak edikasyon pitit ou a. Li enpòtan pou w konprann sistèm eskolè a paske sa pèmèt ou enfliyanse li e ou gen obligasyon pou w patisipe nan edikasyon pitit ou.

Nan peyi Etazini, yo konsidere paran ak lekòl tankou de asosye nan edikasyon timoun, e yo atann pou paran yo patisipe nan.

## S i s t è m

aktivite lekòl yo ap fè, epitou pou lekòl yo travay ansanm ak paran yo pou y ankouraje yo patisipe nan pwogram edikasyon pitit yo. Se dwa pa w, paran – se responsabilite pa w – pou patisipe nan edikasyon pitit ou. Espesyalman, w gen dwa ak responsabilite pou ou:

- Konnen ki jan lekòl la mache;
- Konnen ki kalite sèvis lekòl la ofri pitit ou; epi
- pou sèten lekòl la bay timoun ou an sa l bezwen vrèman pou edikasyon l.

## **Ki kote mwen kapab jwenn lòt resous toujou?**

### **America Reads**

(202) 401-8888 (telefòn)

(202) 260-8114 (faks)

<http://www.ed.gov/inits/americanreads/readnow.html>

Nan kad pwogram Depatman Edikasyon peyi Etazini ki rele *America Reads Challenge*, yo mete sit wèb sa a disponib pou fè fanmi yo konnen diferan aktivite yo kab fè ansanm.

### **Center for Applied Linguistics (CAL)**

4646 40th Street, NW

Washington, DC 20016-1859

(202) 362-0700 (telefòn)

(202) 362-3740 (faks)

<http://www.cal.org>

Bi CAL se chèche amelyore fason yo aprann moun lang, fason moun aprann lòt lang epi rezoud pwoblèm ki gen pou wè ak lang epi ak kilti. Kon sa, CAL kab sèvi kòm yon sous enfòmasyon sou lang ak sou kilti.

CAL gen yon pakèt aktivite li fè tankou rechèch, fòmasyon pwofesè, analiz ak vilgarizasyon enfòmasyon, devlope materyèl didaktik, bay asistans teknik, planifye konferans, evalye pwogram, epi analize politik administratif.

### **The Educational Resources Information Center (ERIC)**

<http://www.accesseric.org/resources/12arent/parent.html>

ERIC gen divès bwochi pou paran sou diferan sijè, kòmanse sou kesyon planifye pou kolèj, pase nan koze “charter school” rive nan egzamen ofisyèl. Tout piblikasyon yo se piblikasyon moun kab jwenn sou sit wèb la oubyen yo kapab telefone 1-800-LET-ERIC (538-3742).



**Intercultural Development Research Association (IDRA)**

5835 Callaghan Road, Suite 350  
San Antonio, Texas 78228-1190  
(210) 444-1710 (telefòn)  
(210) 444-1714 (faks)  
<http://www.idra.org>

IDRA se yon gwoup k ap defann dwa elèv pou tout elèv kab jwenn menm opòtinite nan kesyon edikasyon. IDRA akonpli misyon li nan ankouraje devlopman pwofesyonèl, nan fè rechèch ak evalyasyon, nan devlope pwogram pou politik administratif ak kesyon lidèchip epi nan devlope pwogram lekòl ak materyèl. IDRA bay lekòl zouti ki pou pèmèt yo anseye sa yo dwe anseye timoun ki poko alèz nan angle gras ak fòmasyon epi asistans teknik li bay lekòl yo nan bati pwogram, nan bati estrateji edikasyonèl, nan jwenn materyèl epi nan devlope metòd evalyasyon.

**National Association for Bilingual Education (NABE)**

1030 15th Street, NW, Suite 470  
Washington, DC 20005-1503  
(202) 898-1829 (telefòn)  
(202) 789-2866 (faks)  
<http://www.nabe.org>

Se yon òganizasyon nasyonal ki enterese sèlman nan politik ak pratik edikasyon nan kontèks lang gwoup minoritè pale. Nan òganizasyon sa a gen edikatè, paran, manm kominote a, lidè nan kominote a, òganizasyon gouvènman ansanm ak òganizasyon komèsyal. Met sou sa, NABE la pou li defann kesyon edikasyon bileng o nivo lokal, o nivo eta yo epi o nivo nasyonal.

**National Clearinghouse for English Language Acquisition & Language Instruction Educational Programs (NCELA)**

2121 K Street, NW, Suite 260  
Washington, DC 20037  
(202) 467-0867 (telefòn)  
(202) 467-4283 (faks)  
<http://www.ncbe.gwu.edu>

Òganizasyon sa a se yon òganizasyon ki jwenn fon nan men Office of Bilingual Education and Minority Language Affairs ki sou kontwòl Depatman Edikasyon Nasyonal o Zetazini. Òganizasyon sa a ranmase enfòmasyon ki gen rapò ak ansèyman efikas pou elèv ki o Zetazini ki pale yon lòt lang e ki soti nan diferan kilti. Sit wèb yo a gen gwoup deba elektwonik, yo gen yon revyi ki parèt chak de semenn, yon lis kesyon moun poze souvan ak koneksyon elektwonik ki pèmèt ou gen aksè ak resous pedagogik nan diferan lang yo pale o Zetazini. Met sou sa, sit wèb NCBE a gen koneksyon ak depatman edikasyon chak eta nan peyi a.

**The National Parent Teacher Association (PTA)**

330 N. Wabash Avenue, Suite 2100

Chicago, IL 60611

(800) 307-4PTA (telefòn)

(312) 670-6783 (faks)

<http://www.pta.org>

Òganizasyon sa a la pou li fè alyans ant paran ak pwofesè pou yo kab defann enterè timoun lekòl, o nivo kominotè, devan reprezantan gouvènman an epi devan dirijan òganizasyon ki pran desizyon ki afekte timoun. PTA a la pou li ede paran yo devlope kapasite ki nesèsè pou yo elve pitit yo epi pou yo pwoteje yo. PTA a ankouraje paran yo patisipe nan zafè lekòl leta nan peyi a.

**Office of Civil Rights, U.S. Department of Education**

(202) 205-5557 (telefòn)

(202) 205-9862 (faks)

<http://www.ed.gov/offices/OCR>

Misyon OCR la se pou li chèche yon jan pou tout elèv rive jwenn yon bon kalite edikasyon epi pou li ankouraje bon pèfòmans akademik toupatou nan peyi a. Li rive fè sa gras ak aplikasyon sistematik dwa sivil yo nan domèn edikasyon. Pi gwo responsablite li se rezoud plent moun pote sou kesyon diskriminasyon nan edikasyon. OCR bay elèv konkou, konsèy ak enfòmasyon. Li fè sa pou paran ak edikatè tou. Nenpòt moun kab soumèt yon plent pou diskriminasyon yo fè kont li, kit se pou kesyon ras li, koulè li, kote li soti, sèks li, andikap li genyen, oubyen laj li.

**Partnership for Family Involvement in Education, U.S. Department of Education (PFIE)**

(202) 401-0056 (telefòn)

(202) 205-9133 (faks)

<http://www.pfie.ed.gov>

Kòm yon divizyon nan Depatman Edikasyon Peyi Etazini, misyon PFIE se pou ogmante opòtinite pou fanmi patisipe pi plis nan zafè lekòl pitit yo kit se nan lekòl la kit se lakay yo. Misyon PFIE tou se sèvi ak relasyon ki egziste ant fanmi, lekòl ak kominote pou li ranfòse estrikti ki egziste nan lekòl yo epi amelyore pèfòmans akademik etidyan yo.

**The Public Education Network (PEN)**

601 13th Street, NW, Suite 900 North

Washington, DC 20005

(202) 628-7460 (telefòn)

(202) 628-1893 (faks)

<http://www.publiceducation.org>

PEN se pi gwo rezo òganizasyon endepandan pou refòm nan lekòl. Òganizasyon sa yo gen rasin yo nan kominote kote yo ye a e yo rive fonksyone gras ak fon ki soti nan bidjè lekòl yo. Yo kapab fè w jwenn yon lis resous sou diferan pwoblèm ki kab afekte pèfòmans akademik elèv.

**The Southeast Asian Culture and Education Foundation (SEACAEF)**

17212 Blue Fox Circle

Huntington Beach, CA 92647

(714) 842-7589 (phone)

(714) 847-4009 (fax)

<http://www.seacaeef.org>

Bi SEACAEF se ankouraje bon relasyon ant Ameriken ki sot nan Azi di Sidès ak lòt ameriken ki gen rasin yo lòt kote. Òganizasyon sa a podui materyèl edikatif ki gen pou wè ak Azi di Sidès.

Materyèl sa yo se materyèl ki sou lang ak kilti Azi di Sidès. Materyèl yo ekri an Vyetnamiyen, Kanbodyen, Mong, Lawosyen. Òganizasyon sa a ede imigran ki sot nan Azi di Sidès yo pou yo adapte yo ak kilti peyi a epi pou yo vin sitwayen solid e ki pwodiktif tou nan sosyete a.

**Teachers of English to Speakers of Other Languages (TESOL)**

700 S. Washington Street, Suite 200

Alexandria, VA 22314

(703) 836-0774

(703) 836-7864 or (703) 836-6447 (faks)

<http://www.tesol.org>

Misyon TESOL se devlope kapasite 16,000 manm li genyen yo ak lòt moun k ap anseye elèv ki pale lòt lang angle, pou ede yo devlope bon fason pou yo kominike nan divès anviwonman e an menm tan tou pou yo respekte dwa moun genyen parapò ak pwòp lang pa yo. TESOL mete aksan sou kesyon estanda pou preparasyon pwofesyonèl ak anlwa. Li mete aksan tou sou kesyon kontinye etid ak pwogram pou etidyan. Met sou sa, TESOL ap travay pou avansman ansèyman angle pou moun ki pale yon lòt lang.

**United States Department of Education**

400 Maryland Avenue, SW

Washington, DC 20202

1-800-USA-LEARN (phone)

(202) 401-0689 (fax)

<http://www.ed.gov>

Depatman Edikasyon Peyi Etazini ofri anpil materyèl pou paran sou sijè sa yo: *Building Your Baby's Brain: A Parent's Guide to the First Five Years*, *Parent's Guide to the Internet*, *Learning Partners: Let's Do Homework*, *How to Raise Drug-Free Kids*, *Helping your Child Become a Reader*, *Helping Your Child Succeed in School*, and *Helping Your Child Learn Math*. Anpil nan materyèl sa yo disponib an panyòl epi yo gratis e yon moun kab kòmande yo sou entènèt oubyen yo kapab rele 1-877-4-ED-PUBS.

National Clearinghouse for English Language Acquisition & Language Instruction Educational Programs se yon òganizasyon U.S. Department of Education finanse atravè Office of English Language Acquisition, Language Enhancement, and Academic Achievement for Limited English Proficient Students. Yo ranmase enfòmasyon sou bon kalite edikasyon pou elèv ki pale lòt lang e ki gen rasin yo nan lòt kilti. Yo mete enfòmasyon sa yo ansanm epi yo distribye yo.